

E A S T O R A N G E S C H O O L D I S T R I C T
OFFICE OF THE SUPERINTENDENT

715 Park Avenue
East Orange, New Jersey 07017-1026
Phone (973) 266-5760 Fax (973) 678-4865
www.eastorange.k12.nj.us

Board Members

Arthur Wright, President
Theresa A. Combs, Vice President
Kristie M. Howard, Esq.
Belinda D. Jackson
Everett J. Jennings, CCE
Cameron B. Jones
Vernon Pullins, Jr.

Superintendent of Schools

Dr. Clarence C. Hoover, III

Chè paran/gadyen,

Aprè youn nan pi gwo dram natirèl nan le monn ki sot pase nan peyi Ayiti, mwen sezi okazyon sa a pou'm eksprime santiman ki sòti nan pi fon kè-m pou sitwayen ayisyen ak fanmi yo tou patou, espesyalman bò isit nan vil East Orange.


Distri lekòl East Orange lan gen anpil elèv ak manm staf la ki gen rasin ayisyen e nou santi nou atriste anpil pa pèd sa a ke ou sibi. Pandan ke nou ap panse ak pèp ayisyen an, distri a vle travay byen vit epi mete tout enèji nou pou chanje enkyetid yo an aksyon ak sipò. Nou rekonèt ke se yon moman ki difisil anpil, men nou ap fè tout mwayen posib nou pou ede elèv yo, fanmi, ak staf ki afekte pou jwenn èd ak sipò ke yo bezwen.

Baze sou divèsite, ansanm ak resous edikatif nan tout lekòl yo, Distri a prè pou diskite avèk elèv yo nan gwo e /osman nan ti gwoup sou sitiyou an. Enfòmasyon sou katastròf natirèl, fason pou yo kapab jere e mwayen entèvansyonon pou abòde kriz. An plis de sa nou ap depeche Ekip Sante Mantal Repons Ijan an nan plizyè lekòl nan distri a pou bay konsèy. Ekip la ap rete disponib pandan tout rès ane lekòl la pou bay elèv yo soutyen ak fanmi frape pa trajedi sa a.

Depatman Sèvis Edikasyon Soutyen e Relasyon Paran nan Distri lekòl East Orange lan ap genyen yon Reyinyon Paran pou tout moun ki enterese e touche pa katastròf ki fèk fin pase nan peyi Ayiti. Reyinyon sa ap fèt jou ki va mèkredi 20 Janvye 2010, nan lokal High School Campus "9" a pati de 6 è jiska 9 è. Campus 9 la nan 129, aveni Renshaw (129 Renshaw Avenue).

Si''w geyen kesyon osman konsèn, tanpri kontakte nou nan biwo Soutyen e Sèvis Relasyon Paran nan (973) 266-5652.

Kòdyalman,



Dr. Clarence C. Hoover,
Superintendent of Schools